

BAB III


MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif sabab objek panalungtikan mangrupa bagian tina peristiwa basa, sarta hasil panalungtikan mangrupa wangun tinulis. Métondeu anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métondeu déskriptif, anu tujuanana pikeun ngajelaskeun, nganalisis, jeung ngelompokkeun. Métondeu dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngadéskripsikeun léksikon unsur budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda, sarta ngadéskripsikeun wangun basa jeung harti kecap acuanana.

Désain panalungtikan nya éta gembleran prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prak-prakan panalungtikan nepi ka patalékan-patalékan anu aya bisa dijawab. Désain ieu panalungtikan mangrupa rarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab (Arikunto, 2010 kc. 175).

Dumasar kana desain kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métondeu déskriptif anu dipilampah ngaliwatan prosés ngumpulkeun data, nyieun papasingan data, analisis, jeung nafsirkeun data. Dina ngumpulkeun data digunakeun téknik studi pustaka kalawan instrumén panalungtikanana mangrupa kartu data. Sanggeus data kakumpul, tuluy dipasing-pasing pikeun dianalisis ngagunakeun téknik studi unsur langsung tur maké pamarékan antropolinguistik. Data nu geus dianalisis tuluy ditafsirkeun jeung didéskripsikeun nu ahirna bisa ditarik kacindekan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan bisa di ilikan dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data léksikon budaya dina babasan jeung paribasa Sunda anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda. Nurutkeun Arikunto (2010 kc. 172), yén nu dimaksud sumber data panalungtikan téh nya éta subjek data-data anu kacangking ku panalungtik. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan téh merlukeun ayana sumber data anu satuluyna dijadikeun data panalungtikan. Anapon sumber data anu dipaké dina ieu panulisan tesis nya éta buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda anu disusun ku sababaraha urang pangarang. Anapon buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda nu dimaksud dina ieu panalungtikan, nya éta :

- 1) *Babasan jeung Paribasa Kabeungharan Basa Sunda jilid 1 jeung jilid 2* (Ajip Rosidi, 2004),
- 2) *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* (Budi Rahayu Tamsyah)

Buku babasan jeung paribasa Sunda nu judulna *babasan jeung paribasa kabeungharan basa Sunda jilid 1* nu disusun ku Ajip Rosidi wedalan PT Kiblat Pustaka Buku Utama, citakan kahiji, jumadil awal 1426 H bulan Juni 2005. Kandel bukuna 189 kaca, ukuran buku 15 x 20 cm. Babasan jeung Paribasa Sunda nu aya dina buku jumlahna aya 775 nu dipasing-pasing dina 21 alfabét. Sedengkeun buku *babasan jeung paribasa kabeungharan basa Sunda jilid 2* nu sami disusun ku Ajip Rosidi wedalan PT Kiblat Pustaka Buku Utama, citakan kahiji, Ramadhan 1431 H bulan Agustus 2010. Kandel bukuna 187 kaca, ukuran buku 15 x 20 cm. Babasan jeung paribasa Sunda nu aya dina buku jumlahna aya 825 nu dipasing-pasing dina 21 alfabét. Ari buku nu judulna *1000 babasan jeung paribasa Sunda* disusun ku Budi Rahayu Tamsyah wedalan CV Pustaka Grafika, citakan kahiji taun 1994. Kandel buku jumlahna 160 kaca, ukuran buku 14,5 x 21 cm. Babasan jeung paribasa Sunda nu aya dina buku jumlahna aya 1000 babasan jeung paribasa Sunda, nu dipasing-pasing dina 21 alfabétis.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Alat Pangumpul Data

Dina prakna ngumpulkeun data, instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun kartu data. Kartu data nu digunakeun pikeun nyirian data nu aya dina buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda. Data babasan jeung paribasa Sunda diasupkeun kana kartu data nu geus disadiakeun pikeun klasifikasikeun léksikon budaya dumasar unsur aspék antropologis nu nyampak dina babasan jeung paribasa Sunda, tuluy dianalisis wangun kecap jeung harti kecap budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda.

Dina kartu data aya informasi nu mangrupa (1) kode data, (2) data, (3) kode sumber data.

Tabel 3.2

Kartu Data

Kode Data : D
Data
Dagang pindang ka Cirebon
Sumber : (1000BPS, T/26/1)

3.3.2 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2010 kc. 75), téhnik studi pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi pangawéruh. Dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya pakuat-pakait jeung konsép tioritis, sarta pikeun neangan tiori-tiori jeung sumber anu ngarojong kana panalungtikan.

Dina ngumpulkeun data digunakeun téhnik dokumentasi pikeun nganalisis data nu mangrupa babasan jeung paribasa Sunda, anu ngandung unsur budaya. Ari léngkah-léngkahna, saperti ieu di handap:

- 1) Nangtukeun buku babasan jeung paribasa Sunda.
- 2) Maca jeung nyirian léksikon budaya nu aya dina buku babasan jeung paribas Sunda.
- 3) Nyalin léksikon budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda nu geus dicirian kana kartu data.

3.4 Téknik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun pamarekan antropolinguistik. Kalawan téhnik analisis unsur langsung (*mimeddate constitutionality analysis*). Unsur-unsur nu dianalisis nya éta léksikon budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda nu ngawéngku tujuh unsur budaya. Anapon léngkah ngaanalisis data ieu panalungtikan, ébréh saperti ieu di handap.

- 1) Nyusun data léksikon budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda, nugeus dikumpulkeun kana kartu data.
- 2) Nyieun papasingan data léksikon budaya dumasar kana tujuh unsur kabudayaan.
- 3) Nganalisis wangun kecap budaya dina babasan jeung paribasa nu geus dipasing-pasing, wangun kecap salancar, wangun kecap rundayan, wangun kecap rajékan, jeung wangun kecap kantétan.
- 4) Ngadéskripsikeun harti léksikon budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda nu nyoko kana tujuh unsur kabudayaan.
- 5) Napsirkeun data unsur budaya dina babasan jeung paribasa Sunda.
- 6) Nyindekkeun data léksikon anu geus dianalisis.

Tabel 3.3
Instrumen Ngolah Data

No Data	Léksikon Budaya	Makéna dina Babasan jeung Paribasa Sunda	SPK	OR	SEP	ST	B	K	R

Keterangan :

SPK : Sistem Pakasaban

OR : Organisasi Sosial

SEP : Sistem Èlmu Pangaweruh

ST : Sistem Téhnologi

B : Basa

K : Kasenian

R : Religi